

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab hiji dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Kasang Tukang Panalungtikan

Sumebarna téhnologi di jaman ayeuna ngajadikeun minat masarakat kana buku-buku bacaan jadi kagésér. Ieu hal prihatin ku sabab handapna minat maca di generasi ayeuna jadi turunna daya saing jeung nagara séjén nu SDM-na miboga kualitas luhur dina kamampuh maca nu hadé pikeun nambahan pangaweruh (Elita & Supriyanto, 2019, kc.106). Hasil Studi *Programme for International Student Assessment* (PISA) 2018 dirilis poé Salasa, 3 Desember 2019. Hasil rangking studi PISA di Indonesia dina taun 2018 turun dibanding taun 2015. Dilaksanakeun ku 600.000 siswa usia 15 taun tina 79 nagara unggal 3 taun sakali. Kategori kamampuh maca, Indonesia aya dina rangking 6 ti handap alias rangking 74 nyangking skors rata-rata 371, sedengkeun rata-rata skors OECD nu ngarilis ieu kagiatan nyaéta 487. Aya dihandap Panama nu skorsna 377. Sedengkeun rangking kahiji nyaéta China nu skorsna 555 (Kemendikbud, 2019). Angka data nu dihasilkeun minangka yén minat maca siswa di Indonesia kurang. Minat maca nu kurang mangrupa pasualan dina wangun kaparigelan maca siswa nu ngajadikeun kurangna motivasi siswa dina diajar, padahal ku loba maca miboga mangpaat nu gedé pikeun siswa éta sorangan. Dina prosés diajar motivasi dibutuhkeun pisan, ku sabab lamun teu miboga motivasi moal kalaksana kagiatan diajar. Nurutken Oemar Hamalik (dina Wardana, 2015, kc.6) motivasi ngadorong tumuwuhna kagiatan nu mangaruhan jeung ngarobah hiji kabiasaan. Motivasi miboga fungsi pikeun numuwuhkeun hiji kabiasaan nu ngarahkeun kana kahayang nu rék hontal, gedé leutikna motivasi bakal nangtukeun téréh henteuna hiji kajadian.

Kamampuh maca siswa dina maham eusi bacaan dipangaruhan pisan ku luhur, handapna minat jeung motivasi macana. Minat jeung motivasi maca teu aya sorangan, tapi kudu aya apingan ti kolot ogé guru pikeun numuwuhkeun kana kaayaan minat jeung motivasi siswa (Wahyuni & Sukartiningsih, 2019). Minat

maca siswa nu kurang bisa jadi pasualan sababaraha faktor, nyaéta faktor internal ogé éksternal. Faktor internal anu jadi minat maca siswa handap nyaéta kamampuh siswa dina ngalakukeun kabiasaan maca nu kurang, lantaran siswa teu boga sumanget pikeun kasadaran diri dina ngaronjatkeun maca, antukna kamampuh maca siswa acan kalaksanakeun sacara optimal. Faktor séjén nu jadi pasualan di lapangan nyaéta siswa anu jarang ngagunakeun basa Sunda dina kagiatan sapopoé mangaruhan kana kurangna minat kana maca pamahaman carita pondok ku sabab kosa kecapna teu paham. Aktivitas maca pikeun siswa teu salilana luyu jeung harepan. Sedengkeun faktor éksternalna nyaéta lingkungan sakola nyaéta dina waktu kagiatan diajar nu samporét, ku kituna kasempetan guru dina nepikeun matéri teu nyugemakeun kana ngarojongna pangajaran di kelas, jeung keluarga nu kurang ngadukung kana kaayaan minat jeung motivasi siswa dina kamampuh maca, ogé tina téhnologi nu beuki maju.

Nurutkeun (Rahman, 2020, kc.1) maca mangrupa bagian integral dina pangajaran basa, maca méré kasempetan ka unggal jalma sangkan bisa nyangking informasi tina sababaraha widang pikeun nambahan pangaweruh. Maca téh kaasup hiji kaparigelan anu kudu dicangking kuhiji jalma sangkan pangaweruh leuwih jembar. Kitu ogé di dunya atikan, maca téh bisa ngarojong siswa sangkan ngaronjatkeun udagan dina akademik. Maca miboga kalungguhan salaku dadasar pikeun kamajuan jeung kahontalna tujuan sakabéh matéri di sakola. Maca nyaéta hiji prosés nu dilakukeun sarta digunakeun ku pamaca sangkan nyangking pesen, nu bakal ditepikeun ku panulis ngaliwatan média kecap-kecap/basa tulis (Tarigan, 2008, kc.34). Kaparigelan maca mangrupa hiji hal nu teu langsung dipiboga ku unggal individu ti mimiti lahir, tapi ngabutuhkeun hiji prosés pikeun diajar heula nu dimimitian ti wanoh kana huruf, kecap, kalimah, paragraf, anu satuluyna bisa maca kalayan hadé (Humairoh & Rahman, 2016, kc.8).

Salasahiji materi pangajaran anu aya di kelas VIII SMP/MTs nu aya dina Kurikulum 2013 Révisi 2017 Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda kalawan Kompetensi Dasar (KD) nyaéta, *3.7 Memahami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan carita pondok.*

Dumasar KD di luhur, siswa diperedih sangkan bisa maham jeung ngaidentifikasi kana struktur, unsur jeung aspék kabahasaan dina carita pondok.

Katangtuan ngeunaan aspék-aspék anu kudu dicangking ku siswa dina maca carpon ngajadikeun pasualan. Ku sabab siswa heunteu bisa langsung maham kana tilu aspék anu geus dijéntrékeun.

Pikeun ngungkulan pasualan di luhur, salasahiji tarékah anu bisa dilaksanakeun nyaéta ngagunakeun modél pangajaran anu bisa ngirut siswa sangkan bisa ngahontal KD dina pangajaran basa Sunda. Modél pangajaran loba pisan jenisna. Salah sahijina nyaéta modél pangajaran kooperatif jigsaw nu diwanohkeun Eliot Arosen. Nurutkeun Isjoni (2016, kc. 77) pangajaran kooperatif jigsaw mangrupa salah sahiji tipe pangajaran sangkan siswa leuwih aktif jeung silih ngarojong dina nyangking matéri pangajaran pikeun ngahontal prestasi nu maksimal. Manfaat diajar kelompok dina sangkan siswa miboga kasempetan dina ngolah informasi jeung ngaronjatkeun kaparigelan dina komunikasi. Silih ngarojong ka unggal siswa jeung kelompokna bisa méré motivasi sangkan siswa leuwih tanggungjawab dina maham bagian matéri, ku sabab naon anu geus dipaham kudu ditepikeun deui ka babaturan sakelompokna. Kalunggulan tina prosés modél pangajaran kooperatif Jigsaw nyaéta pikeun méré kasempetan ka siswa sangkan miboga pangalaman diajar anu nyata jeung aktif, siswa dilatih kumaha ngawasa pangajaran (konsép), ngaréngsékeun pasualan ogé mawa kaputusan jeung komunikasi.

Peran guru dina modél pangajaran kooperatif Jigsaw leuwih salaku nu méré bimbingan jeung arahan lamun dibutuhkeun ku murid. Dina prosés modél pangajaran kooperatif tipe Jigsaw, siswa dipihareup tanggungjawab kana prosés diajar, kukituna guru kudu nyaluyukeun diri jeung kagiatan anu dilakukeun ku murid, sangkan henteu ngaganggu dina prosés diajar murid. Ngaliwatan modél pangajaran kooperatif tipe Jigsaw, dipiharep bisa méré solusi anu anyar jeung pikaresepeun dina diajar ngajar. Pangajaran kooperatif jigsaw miboga tujuan sangkan bisa nyangking konsép pamahaman anu inovatif, jeung kaaktifan siswa. Siswa bisa gawé bareng jeung miboga loba kasempetan dina ngolah informasi ogé ngaronjatkeun kaparigelan komunikasi.

Saméméhna kungsi aya panalungtikan anu dilakukeun (Alfazr spk., 2016) ngeunaan “*Penerapan Modél Pembelajaran Jigsaw untuk Meningkatkan Hasil Belajar Siswa dalam Menemukan Kalimat Utama pada Tiap Paragraf*”, nyindekeun yén modél pangajaran Jigsaw bisa ngaronjatkeun kaaktifan siswa dina

diajar, neangan kalimat utama dina tiap paragraf. Salian ti éta, hasil panalungtikan anu dilakukeun ku (Wardana, 2014) ngeunaan “*Penerapan Model Pembelajaran Jigsaw untuk Kemampuan Membaca dalam Memahami Isi Cerita Pendek Pada Siswa Kelas V SDN Mayangan V Kota Probolinggo taun 2015*”. Bisa dicindekkeun yén modél pangajaran Jigsaw dina ieu panalungtikan bisa ngaronjatkeun kamampuh maham eusi carita pondok.

Dumasar kana kasang tukang nu geus dijentrekeun di luhur panalungtikan anu judulna “*Modél Pangajaran Kooperatif Jigsaw pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Pamahaman Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VIII A SMPN 1 Garut Taun Ajaran 2021 – 2022)*” perlu dilaksanakeun.

Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun jadi sababaraha pasualan, nyaéta saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh maca pamahaman carpon siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran Kooperatif Jigsaw di kelas VIII A SMPN 1 Garut ?
- 2) Kumaha kamampuh maca pamahaman carpon siswa sanggeus ngagunakeun modél pangajaran Kooperatif Jigsaw di kelas VIII A SMPN 1 Garut?
- 3) Kumaha bédaan kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran kooperatif jigsaw kelas VIII A SMPN 1 Garut?

Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Éta dua tujuan téh didadarkeun masing-masing saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan tina panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun modél pangajaran kooperatif jigsaw dina ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok ka siswa kelas VIII A SMPN 1 Garut Taun ajaran 2020-2021.

1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan khusus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran Jigsaw di kelas VIII A SMPN 1 Garut;
- 2) kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa sanggeus ngagunakeun modél pangajaran Jigsaw di kelas VIII A SMPN 1 Garut;
- 3) bédana kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran Jigsaw di kelas VIII A SMPN 1 Garut.

Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya dua mangpaat anu bisa dicangking, nyaéta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat téoritis pikeun ngaguar modél pangajaran anu diterapkeun dina pangajaran basa Sunda, hususna modél pangajaran Jigsaw sangkan bisa jadi référési élmu pangaweruh ogé salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna..

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan dipihareup mobiga mangpaat pikeun sababaraha pihak, saperti ieu di handap.

- a. Pikeun guru ngajadikeun ieu modél pangajaran kooperatif jigsaw salaku alterantif atawa tolak ukur nalika pangajaran dilaksanakeun.
- b. Pikeun siswa dipihareup sangkan bisa ngaronjatkeun minat jeung motivasi maca sangkan kamampuh maca pamahaman carita pondok ngaronjat.
- c. Pikeun mahasiswa nyaéta ieu panalungtikan bisa dijadikeun jadi bahan refensi panalungtikan satuluyna.

Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, saperti ieu di handap:

Bab 1 bubuka, dina ieu skripsi ngawengku kasang tukang tina pasualan panalungtikan, satuluyna aya rumusan masalah, tujuan tina panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat tina panalungtikan boh mangpaat sacara praktis atawa mangpaat tioritis, sarta raraga tulisan.

Bab II ulikan pustaka ngajéntrékeun ngeunaan téori-téori nu nguatkeun panalungtikan, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis tina ieu panalungtikan.

Bab III métode panalungtikan, ngeunaan métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, desain panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan, sumber data nu ngawengku partisipan, lokasi, poplasi jeung sampel, intrumen panalungtikan, prosedur atawa alur panalungtikan salila ngalaksanakeun panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data panalungtikan, uji sipat data, uji hipotésis dina panalungtikan.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, ngawengku hasil tina panalungtikan nu dicangking tina panalungtik salila dilapangan ogé analisis datana ngeunaan modél pangajaran jigsaw dina pangajaran carpon di kelas VIII A SMPN 1 Garut Taun Ajaran 2021-2022.

Bab V kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi ngajéntrékeun kacindekan tina hasil panalungtikan nu ninggalikeun ayana parobahan dina maca pamahaman carpon ngagunakeun modél pangajaran jigsaw. Salian ti éta, aya ogé implikasi jeung rekomendasi panalungtikan.